

# REGENTS EXAM IN GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY

HAITIAN CREOLE EDITION  
GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY  
WEDNESDAY, JUNE 18, 2008  
1:15 to 4:15 p.m., only

The University of the State of New York  
**REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION**

## ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

**Mèkredi, 18 Jen, 2008 — 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman**

Non Elèv la\_\_\_\_\_

Non Lekòl la\_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimi sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv sa a, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi dechire fèy repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimi nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonse pou w ekri repons yo.

**Pati I** a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Pati III** a sou divès dokiman:

**Seksyon A nan Pati III** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Pati III** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I a, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo pap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy komunikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab epi ou pap jwenn nòt pou li.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

Pati I

**Reponn tout kesyon ki genyen nan pati sa a.**

*Enstriksyon (1–50):* Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oubyen ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen komplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

Baze repons ou pou kesyon 1 nan anons ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

# Dekouvèt Ansyen Relik yo.

Yon Kontrandi Konplè, Serye ak Enteresan sou Kokennchenn Dekouvèt Enpòtan sa a yo fè ayè nan desann nan ansyen kay ki bwat nan Castle-hill, kote yo te jwenn yon ki genyen plizyè Ansyen Pyès Monnen, yon Bag Lò Lou, yon Epe kout ki pase mòd, ak yon Bèl Pwofesi ki te fèt nan ane 1550, konsènan gwo evènman ki dwe pase pou ane sa a.

Sous: Broadside published in Edinburgh Scotland,  
1831 (adapte)



- 4 Bantou yo te debwaze tè a, answit yo fè tè a vin fêtil avèk sann. Lè tè pa t kapab sipòte fanmi yo ankò, Bantou yo te deplase pou ale pi lwen nan sid. Vè ane 1110 anvan Jezi-Kri, Bantou yo te gaye kilti rich yo toupatou nan Afrik santral ak nan Afrik disid.

Ki teknik agrikòl ki dekri nan pasaj sa a?



- 5 Ki sivilizasyon ansyen ki asosye avèk Douz Tab,  
yon sistèm wout ekstansif, ak powèt Horace ak  
Virgil?



- ## 6 Mo feyodalism defini pi byen tankou yon

- (1) lagè sen ant Kretyen a Mizilman
  - (2) pwosesis kote yo boukante machandiz pou lòt machandiz
  - (3) separasyon pouvwa politik ant twa branch apa yo
  - (4) sistèm kote yo boukante tè pou sèvis militè ak lwayote


- 7 Ki tit ki pi byen konplete deskripsyon pasyèl ki anba a?

- L \_\_\_\_\_

- A. Enkòporasyon lide Ewopeyen ak Arab nan achitekti
  - B. Prezèvasyon lide Grèk-Women
  - C. Pwopaje Kretyènte Òtodòks nan Lawisi
  - D. Developman Kòd Jistinyen

- (1) Laj Dekouvèt      (3) Lanpi Pèsik  
(2) Lanpi Bizanten      (4) Kwazad yo

Baze repons ou pou késyon 8 sou imaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



- 8 Dapre enfòmasyon ki nan imaj sa a, ki deklarasyon ki egzat konsènan sossyete ansyen Eji?
- Fanm yo te genyen menm dwa ak gason yo.
  - Estrikti sosyal la te genyen yerachi.
  - Pa t genyen restriksyon nan chanjman sosyal la.
  - Te genyen pi plis sòlda pase kiltivate.
- 
- 9 Ki deklarasyon ki egzat konsènan Lanpi Mongòl?
- Mongòlyo te devlope yon gwo sossyete teknologik ki te konsantre sou edikasyon fòmèl.
  - Monachi Ewopeyen yo te vin yon modèl pou premye gouvènman Mongòl yo.
  - Pax Mongolia te pèmèt vin genyen estabilite nan rejyon an, sa ki te ogmante Wout Swa yo.
  - Mongòl yo te adopte Katolik Women kòm reliyon ofisyèl lanpi a.
- 10 Ki peryòd nan istwa Ewopeyen ki pi byen asosye avèk Leonardo da Vinci, Michelangelo, William Shakespeare ak Nicholas Copernicus?
- Kòmansman Mwayennaj
  - Renesans
  - Laj Absolutism
  - Syèk Limyè
- 
- 11 Ki youn nan premye rezon ki te genyen pou pwopagasyon lapès bibonik?
- ogmantasyon nan echanj komèsyal
  - kolonizasyon Lamerik
  - devlopman sistèm seyoryal
  - ekonomi kap dekline
- 12 Ki sitiyyasyon yo konsidere kòm yon kòz lòt twa yo?
- Initi religye bese toupatou nan Lewòp.
  - Kont-Refòm Katolik la kòmanse.
  - Pouwva Legliz Katolik Women bese.
  - Martin Luther afiche Katreven-kenz Tèz yo.

Baze repons ou pou kesyon 13 sou tablo ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Popilasyon pi gwo vil medyeval yo nan ane 1250 ak 1450

10 pi gwo vil yo nan ane 1250		10 pi gwo vil yo nan ane 1450	
1 Hangchow	320,000	1 Peking	600,000
2 Cairo	300,000	2 Vijayanagar	455,000
3 Fez	200,000	3 Cairo	380,000
4 Kamakura	200,000	4 Hangchow	250,000
5 Pagan	180,000	5 Tabriz	200,000
6 Paris	160,000	6 Canton	175,000
7 Peking	140,000	7 Granada	165,000
8 Canton	140,000	8 Nanking	150,000
9 Nanking	130,000	9 Paris	150,000
10 Marrakesh	125,000	10 Kyoto	150,000

Sous: Tertius Chandler, *Four Thousand Years of Urban Growth*, St. David's University Press (adapte)

13 Ki deklarasyon enfòmasyon ki nan tablo sa a kapab pi byen sipòte?

- (1) Popilasyon vil Paris te ogmante ant ane 1250 ak 1450.
  - (2) Popilasyon vil Cairo ak Nanking te pi plis nan ane 1250 pase nan ane 1450.
  - (3) Popilasyon pifò nan gwo vil yo te depase yon milyon abitan nan ane 1450.
  - (4) Popilasyon Peking te ogmante pi plis pase popilasyon Canton ant ane 1250 ak 1450.
- 

Baze repons ou pou kesyon 14 sou pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

Li pa ta bon pou rele Lanpi Otoman an senpleman yon eta Islamik. Se pa t sa. Se te yon eta ki te mande yon kalite attachman, yon sòt de fidelite anvè Islam, men li te mele sa avèk lòt fòm eritaj ki sòti nan tradisyon Bizanten oswa nan tradisyon Tik ki pa t koresponn ditou ak Islam. Kidonk yo te toujou genyen apwòch trè, trè pragmatik sa a pou Islam.

Pwofesè Edhem Eldem, Inivèsite Bogazici  
— NPR News, *All Things Considered*,  
18 Out, 2004

14 Otè sa a sijere pandan Lanpi Otoman an,

- (1) reliyion te fè yon sèl avèk tradisyon istorik
  - (2) pifò moun te fè pati reliyion minoritè yo
  - (3) dirjan yo t ap eseye separe politik avèk reliyion
  - (4) dirjan yo t ap opere dapre yon seri lwa ki sevè
- 

- 15 • Yo te ranvèse dirajan etranje yo.  
• Amiral Zheng He te etabli relasyon komèsyal.  
• Yo te remete egzamen sèvis civil yo.

Evènman sa yo nan listwa te pase pandan rèy

- (1) dinasti Mughal nan peyi Lend
- (2) dinasti Abbasid nan Mwayennoryan
- (3) dinasti Ming nan peyi Lachin
- (4) chogoun Tokugawa nan peyi Japon


16 Ki politik ekonomik primè Espanyòl yo te itilize avèk koloni Amerik Latin yo?

- |                |                 |
|----------------|-----------------|
| (1) anbagò     | (3) bòykòt      |
| (2) dwa ladwàn | (4) mèkantilism |

17 Nan *De Trete Gouvènman an*, John Locke te ekri objektif gouvènman an se te pou

- (1) kite wa yo sou pouvwa
- (2) kontwole ekonomi an
- (3) ogmante teritwa a
- (4) pwoteje dwa natirèl yo

Baze repos ou pou késyon 18 sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Peter N. Stearns et al., *World Civilizations: The Global Experience*, Pearson, (adapté)

- 18 Ki jeneralizasyon ki pi byen sipòte pa enfòmasyon ki sou kat jeyografik sa a?
- Pa t genyen echanj komèsyal ant Afrik Lès ak reyyon Gòlf Pèzik la.
  - Van mouson yo te enfliyanse echanj komèsyal ant Afrik Lès ak Lend.
  - Eta komèsyal yo te devlope prensipalman nan enteryè Afrik Lès.
  - Echanj komèsyal te ankouraje pwopagasyon Islam ant Afrik Lès ak Arabi.

Baze repos ou pou késyon 19 sou rezime "Nouvo Lwa" ki site anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

. . . Atik 31. Vis-wa a te kenbe tout Endyen yo nan *encomienda*, ak èd lyetnan yo, ofisye wayal yo, prela yo, monastè, lopital, kay relije yo, fòtin, trezori, elatriye, dwe transfere imedyatman bay Kouwòn nan. . . .

Atik 38. Pwosè ki gen pou wè ak Endyen yo pa dwe fèt ankò nan Lèzend, ni Konsey Lèzend yo pa dwe fè pwosè yo, men yo dwe plede devan Wa a sèlman. . . .

— Nouvo Lwa Lanperè Charles V te pase,  
1542–1543

- 19 Yon objektif lwa sa yo se te pou
- diminye otorite lokal la epi pou ogmante kontwòl santral la
  - ogmante otorite relije epi limite enfliyans layik
  - garanti sitwayènte pou Endyen yo pandan y ap sipòte pratik tradisyonèl yo
  - ankouraje developman ekonomik pandan y ap ogmante dwa politik pou Endyen yo
- 
- 20 Yon efè prensipal sou rèy Napoleon nan Lafrans sèke li te pèmèt
- yon ogmantasyon nan pouvwa legliz Katolik Women
  - anpil moun te al imigre nan Lamerik
  - akò komèsyal avèk Grannbretay
  - yon retablisman estabilite politik
- 21 Ki lide ki pi byen asosye avèk ekonomi lesefè?
- komin
  - sendikalism komèsyal
  - agrikilti sibsistans
  - echanj lib
- 22 Nan 19yèm syèk la, yon gwo rezon pou migrasyon Ilandè nan Amerik Dinò se te pou
- vin genyen sifraj inivèsèl
  - pa kite malarya deklanche
  - sove pou grangou jeneral
  - sove pou yon gè civil

- 23 Yon objektif prensipal Leve Kanpe Sepoy la nan Lend ak Rebelyon Boksè nan Lachin alafwa se te pou
- (1) retire etranje nan peyi yo
  - (2) ogmante teritwa ki konsène yo chak
  - (3) resevwa sipò militè entènasyonal
  - (4) remete yon monak absoli nan twòn lan
- 24 Ewopeyen yo te jwenn blokaj lè yo t ap eksploré Lafrik bonè akòz
- (1) mank resous natirèl nan Lafrik
  - (2) alyans ant wayòm Afriken yo
  - (3) politik izolasyonis monak Ewopeyen yo
  - (4) anpil diferan aspè fizik Lafrik
- 25 Ki aksyon gouvènman Meiji te pran ki te ankouraje endistriyalizasyon nan 19yèm syèk la nan peyi Japon?
- (1) devlope yon sistèm transpò modèn
  - (2) limite kantite pò ki te louvri nan komès eksteryè
  - (3) fose fanmi yo al viv sou fèm kolektif yo
  - (4) kreye yon sistèm asosyasyon komèsyal
- 26 Yon objektif Lig Nasyon yo se te pou
- (1) favorize relasyon lapè toupatou nan monn lan
  - (2) motive ekonomi Lewòp
  - (3) mete yon fen nan Premye Gè Mondyal la
  - (4) ankouraje yon bon sistèm alyans
- 27 • Plan sou senkan  
• Adaptasyon kolektif agrikilti  
• Gran Pij
- Kimoun ki asosye avèk tout politik sa yo?
- (1) Adolf Hitler
  - (2) Joseph Stalin
  - (3) Deng Xiaoping
  - (4) Jawaharlal Nehru
- 28 Envazyon Japon te fè nan Mandchouri, atak Itali te fè sou Etyopi, ak atak zèklè Almay te fè nan Lapolòy se egzanp
- (1) agresyon militè
  - (2) apezman
  - (3) politik kanpe lwen
  - (4) teyori domino
- 29 Ki deklarasyon sou Depresyon monn lan nan ane 1930 yo ki se yon reyalite alaplas yon opinyon?
- (1) Lidè politik yo te dwe evite Depresyon an.
  - (2) Trete Vèsay la te frape Almay pi plis pase Depresyon an.
  - (3) Chanjman ekonomik Depresyon an te genyen gwo efè politik.
  - (4) Premye Gè Mondyal la se te sèl rezon pou Depresyon an.
- 30 Ki gwoup yo te akize pou vyolasyon dwa moun nan vil Nanjing pandan Dezyèm Gè Mondyal la?
- (1) Ameriken
  - (2) Chinwa
  - (3) Japonè
  - (4) Alman
- 31 Yon fason Jenès Hitleryèn nan Almay ak Gad Wouj yo nan Lachin samble sèke toulède òganizasyon yo
- (1) te egzije fidelite san kondisyon pou lidè a
  - (2) te ede ogmante tolerans relijye
  - (3) te bloke objektif enperyalis yo
  - (4) te pèmèt vin genyen mouvman pou demokrasi
- 32 • Fransè yo genyen entansyon pou re-kolonize Endochin apre Dezyèm Gè Mondyal la  
• Etazini genyen dezi pou anpeche kominis lan gaye  
• Etazini bay sipò pou Fransè yo ki nan Sidès Lazi
- Lide sa yo pi byen asosye avèk
- (1) kòz konfli a nan Vyetnam
  - (2) rezon pou Nasyonalis kolonize Taywann
  - (3) faktè ki te lakòz Gè Koreyen an
  - (4) rezulta Plan Machal la
- 33 Ki peyi ki pi byen asosye avèk tèm *pase lwa, lapatri, ak règ minorite blan*?
- (1) Èl-Salvadò
  - (2) Afrik Disid
  - (3) Iran
  - (4) Izrayèl

Baze repons ou pou kesyon 34 sou foto ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



**Mahatma Gandhi kap montre filati koton nan pwòp charka li nan Mirzapur, 1925.**

Sous: Stanley Wolpert, *Gandhi's Passion: The Life and Legacy of Mahatma Gandhi*, Oxford University Press

34 Pandan mouvman pou endepandans Endyen, aktivite ki endike nan foto sa a te motive pèp Endyen an

- |                                      |                                     |
|--------------------------------------|-------------------------------------|
| (1) sispann achte machandiz Britanik | (3) antre nan lame Endyen           |
| (2) rejte règ Mizilman an            | (4) devlope manifakti twal Britanik |

Baze repons ou pou kesyon 35 ak 36 sou pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

. . . (1) Sou plan entèn, eksite mas pèp la. Sa vle di, ini klas travayè a, peyizan yo, ti boujwazi ibèn an ak boujwazi nasyonal la, fòme yon fwon ini lokal anba lidèchip klas travayè a, epi vanse nan sa pou kreye yon eta ki se yon diktati demokratik pèp anba lidèchip klas travayè a epi dapre alyans travayè ak peyizan yo.

(2) Sou plan ekstèn, rasanble pou yon konba ansanm avèk tout peyi nan lemond ki trete tout moun menm jan epi ini avèk pèp tout peyi yo. Sa vle di mete tèt nou ansanm avèk Inyon Sovyetik, avèk Demokrasi Pèp yo epi avèk pwoletarya ak gwo mas pèp nan tout lòt peyi, epi fòme yon fwon ini entènasyonal. . . .

Sous: Mao Tse-Tung [Mao Zedong], *Selected Works, Volume Five, 1945–1949*, New York International Publishers


35 Nan pasaj sa a, Mao Zedong sijere pou Lachin

- (1) kreye yon gouvènman anba lidèchip endistriyèl yo
- (2) abandone endepandans li epi pou vin fè yon pati Inyon Sovyetik
- (3) depannde Nasyonzini pou èd ekonomik
- (4) fè alyans avèk Inyon Sovyetik kòm patnè nan kominis

36 Nan pasaj sa a, Mao Zedong ap itilize lide

- (1) Thomas Malthus
- (2) Adam Smith
- (3) Karl Marx
- (4) Jiang Jieshi (Chiang Kai-Shek)

Baze repons ou pou késyon 37 sou liy kwonologik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



37 Ki konklizyon ou kapab fè dapre liy kwonologik sa a?

- (1) Izrayèl te sòti nan Akò Camp David.
- (2) Lame Palestinyen pi fò pase lame Izrayèl.
- (3) Li difisil pou reyalize lapè dirab nan Mwayennoryan.
- (4) Peyi vwazen yo pa t mele nan konfli Arab-Izrayelyen.

38 Destriksyon Miray Berlin ak eklatman Inyon Sovyetik vle di

- (1) fen Lagèfwad
- (2) lachit Taliban nan
- (3) fòs Pak Warsaw
- (4) pouvwa Inyon Ewopeyen

39 Nan 20yèm syèk la, ibanizasyon te afekte peyi kap devlope yo nan Lafrik, Lazi ak Amerik Latin pa

- (1) desann to alfabetizasyon yo
- (2) febli valè tradisyonèl
- (3) ranfòse sistèm kast yo
- (4) ogmante izòlman fanm yo

40 Ki deklarasyon ki pi egzat sou enpak epidemi SIDA nan toulède Lafrik ak Sidès Lazi?

- (1) Dire lavi moun yo diminye nan toulède rejyon yo.
- (2) Disponibilite medikaman ki pa chè geri pifò moun ki enfekte.
- (3) Entwodiksyon pwogram sou edikasyon pou elimine menas maladi a.
- (4) Maladi a pokò afekte tibebe ki fèk fèt ak jenn timoun yo.

41 Nan mwa Out 1990, Irak te anvayi Kowet. Reyaksyon Nasyonzini te lakòz Lagè Gòlf Pèsik la an 1991. Reyaksyon sa a se yon egzanp

- |                       |                       |
|-----------------------|-----------------------|
| (1) detant            | (3) totalitarism      |
| (2) konstitisyon fyèf | (4) sekirite kolektif |


42 Yon resanblans ant Lanpi Women ak Lanpi Otoman sèke toulède

- (1) te rive nan plas ki pi wo sou pouvwa a anmenmtan
- (2) te devlope gouvènman palmantè
- (3) te asire egalite pou fanm yo
- (4) te dekline akòz koripsyon gouvènman

43 Ki deklarasyon ki pi egzat konsènan enpak jeyografi sou peyi Japon?

- (1) Gwo plèn yo te sèvi kòm wout envazyon pou konkeran yo.
- (2) Dezè arid ak montay yo te lakòz izòlman avèk Lazi.
- (3) Mank resous natirèl te mennen yon politik enperyalis.
- (4) Paske li toupre Lafrik, sa bay ankourajman pou fè anpil echanj komèsyal avèk Lejip.

Baze repons ou pou késyon 44 sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Paul Halsall, ed., *Internet History Sourcebooks Project* (adapté)

44 Ki revolisyón ki te mennen nan devlopman sivilizasyon sa yo?

- |                 |              |
|-----------------|--------------|
| (1) Endistriyèl | (3) Vèt      |
| (2) Neyolitik   | (4) Komèsyal |

45 Laj Eksplorasyon te mennen dirèkteman nan

- (1) kreyasyon koloni Ewopeyen yo
- (2) kòmansman Revolisyón Piriten
- (3) envansyon bousòl mayetik
- (4) echèk Kongrè Vyèn

46 Ki revolisyón ki te fèt akòz faktè ki endike nan deskripsyon pasyèl sa a?

I. \_\_\_\_\_

- A. Fayit trezò a
- B. Fado enpo sou Twazyèm Pwopriyete a
- C. Enflasyon
- D. Abi Ansyen Rejim lan

- |              |            |
|--------------|------------|
| (1) Ris      | (3) Franse |
| (2) Meksiken | (4) Kiben  |

47 Yon fason José de San Martín, Camillo Cavour ak Jomo Kenyatta sanble nan aksyon yo sèke chak lidè

- (1) te fè gwo dekouvèt syantifik
- (2) mennen nan mouvman nasyonalis
- (3) te batay kont enperyalis Britanik lan
- (4) te vin yon revolisyònè kominis

48 Yon fason Nouvo Politik Ekonomik Vladimir Lenin ak politik perestwoyika Mikhail Gorbachev sanble sèke toulède politik yo

- (1) te aksepte eleman kapitalis nan yon sistèm ekonomik kominis
- (2) te ranfòse defans militè peyi yo
- (3) te sipòte entèdiksyon nouvèl ak korespondans pèsonèl
- (4) te ogmante tansyon pandan Lagèfwad la

- 49 Ki seri evènman nan istwa Chinwa pandan 19yèm ak 20yèm syèk ki nan lòd kwonolojik kòrèk?
- (1) Gwo Avansman → Lagè Opyòm → Mach Long → Kat Modènizasyon
  - (2) Kat Modènizasyon → Mach Long → Lagè Opyòm → Gwo Avansman
  - (3) Lagè Opyòm → Mach Long → Gwo Avansman → Kat Modènizasyon
  - (4) Mach Long → Kat Modènizasyon → Gwo Avansman → Lagè Opyòm
- 
- 50 Yon etid ki fèt sou Lespay nan fen ane 1400 yo, Eta Balkan yo nan kòmansman ane 1900 yo, Wanda nan ane 1990 yo ak Lazi Santral jodi a montre
- (1) dezobeyisans sivil se yon fason efikas pou mennen chanjman
  - (2) moun yo jwenn ankourajman pou yo kesyone tradisyon
  - (3) rèy kolonyal genyen yon eritaj ki dire lontan
  - (4) konfli etnik vin yon pwoblèm ki toujou ap prezante nan listwa

## **Repons kesyon redaksyon an dwe ekri nan tiliv redaksyon separe an.**

**Nan developman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **eksplike vle di “pou rann fasil oswa konpreyansib; pou bay rezon oswa lakoz; pou montre developman lojik oswa relasyon”**
- (b) **diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

### **Pati II**

#### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

**Enstriksyon:** Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale de sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

##### **Tèm: Sistèm Kwayans**

Monn lan genyen plizyè sistèm kwayans. Chak sistèm kwayans diferan, men yo tout genyen gwo enflyians sou lavi fidèl yo ak sosyete kote yo te pratike li.

##### **Sa w gen pou fè:**

Chwazi ***de*** (2) pi gwo sistèm kwayans epi pou ***chak***

- Eksplike kwayans kle ***ak/oubyen*** pratik yo
- Diskite sou yon enflyians sistèm kwayans lan te genyen sou lavi fidèl li yo oswa sou sosyete kote yo te pratike li

Ou kapab sèvi ak nenpòt egzantnan etid istwa jeneral ou. Kèk sijesyon ou ta vle konsidere genyen animism, Boudism, Kretyènte, Konfisyanism, Dawoyism, Islam, Jidayism, legalism, ak Chento.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Pa itilize Etazini kòm objektif repons ou.**

##### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou a, asire ou**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzant, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan developman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analyze dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

*Jenosid, menas pou anviwònman an, ak zam ki kapab touye anpil moun alafwa* se pwoblèm monn lan te rankontre. Kominote entènasyonal la ak manm li yo te fè divès tantativ pou abòde pwoblèm sa yo epi pou rezoud yo.

**Sa w gen pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon yo ki swiv chak dokiman nan Seksyon A a. Repons kesyon yo ap ede w ekri Seksyon B redaksyon an, kote yo ap mande w pou

Chwazi **de** (2) pwoblèm ki endike nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri pwoblèm lan
- Diskite sou tantativ ki te fèt pou abòde pwoblèm lan **epi/oubyen** pou rezoud li

## Seksyon A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

Raphael Lemkin te kreye tèm jenosid lan. Li te voye yon lèt bay editè *New York Times* pou eksplike enpòtans konsèp jenosid la.

#### Jenosid Devan Nasyonzini

##### POU EDITÈ NEW YORK TIMES:

Reprezantan Kiba, Lend ak Panama nan Asanble Nasyonzini te prezante yon rezolisyon ki mande Nasyonzini pou egzamine pwoblèm jenosid la epi pou prepare yon rapò sou possiblité pou deklare jenosid se yon krim entènasyonal epi pou asire koòperasyon entènasyonal pou prevansyon li epi pou bay pinisyon pou li, epitou pou rekòmande, tankou lòt yo, lejislasyon nasyonal dwe trete jenosid menm jan ak lòt krim entènasyonal yo. . . .

##### Konsèp Entènasyonal

Konsèp jenosid la baze sou konsèp moral ki egziste epi ki trè manifeste. Dotanplis, li itilize kòm eleman li yo ki byen defini epi kòm ide ak enstitisyon legal ki egziste deja. Sa nou genyen pou fè se pwoteje gwo valè sivilizasyon nou yo atravè enstitisyon aksepte sa yo ki ajiste nan yon fòmil dwa entènasyonal ki toujou ap pwogrese. Akòz mank dispozisyon apwopriye ak fòmil dwa entènasyonal, Tribunal Nuremberg te gen pou rejte krim Nazi ki te fèt nan peryòd ant lè Nazi yo te pran pouwwa a ak kòmansman lagè a, pou jan “anpil nan krim sa yo te revòltan ak terib,” pou itilize ekspresyon jijman Nuremberg la.

Kounye a se travay Nasyonzini pou asire l wè nan sa ke bon aksyon twa eta manm yo ta dwe transfere nan lwa entènasyonal pou evite lòt atanta [atak] kont sivilizasyon, ki kapab kontrarye objektif Ak Konstititif Nasyonzini. . . .

Sous: Raphael Lemkin, *New York Times*, 8 Novanm 1946 (adapte)

- 1 Dapre Raphael Lemkin, ki **yon** fason kominate entènasyonal la kapab abòde pwoblèm jenosid la? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 2a

... An 1948, jenn Asanble Jeneral Nasyonzini an te adopte yon Konvansyon entènasyonal sou Prevansyon ak Pinisyon Krim Jenosid, ki te anvige an 1951. Konvansyon sa a defini jenosid kòm "zak ki fèt avèk entansyon pou detwi, tout oswa yon pati nan yon gwoup etnik nasyonal, yon gwoup rasyal oswa yon gwoup relije," avèk tou kondisyon blesan ki kalkile pou mennen nan destwiksyon yon gwoup. . . .

Apre lè yo te fin devwale latèrè Olokòs la, enkantasyon [eslogan] tan an "pa t janm vini ankò." Men, li ta pran kat (4) deseni (periyòd dizan), avèk kreyasyon Tribunal Kriminèl Entènasyonal pou ansyen Yougoslavi an 1994, anvan kominate entènasyonal la ta finalman fè yon sèl pou pouswiv lajistis moun ki fè krim jenosid ankò.


Pou kisa sa te pran lontan, malgre mechanste ak ansasinay an mas nan peyi Kanbòdj, Lès Timò, ak lòt kote? . . .

Sous: Irina Lagunina, "World: What Constitutes Genocide Under International Law, and How Are Prosecutions Evolving?", Radio Free Europe/Radio Liberty, 9/10/2004

2a Dapre Irina Lagunina, ki **youn** nan kritik reyakson kominate entènasyonal la pou jenosid? [1]

Score

## Dokiman 2b



Sous: Steve Greenberg, *Seattle Post-Intelligencer*, 29 Mas 1999 (adapte)

2b Dapre desen 1999 sa a, idantife **de** (2) gwoup espesifik ki se viktim jenosid. [1]

(1) \_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_

Score

### Dokiman 3

... Sètènman, genyen gwo echèk nan dwa moun—nan Kanbòdj, Bosni ak Wanda. Nan peyi sa yo ak lòt kote, konstitisyon nasyonal ak nòm entènasyonal te fè echèk pou dekouraje; enstitisyon entènasyonal ak gouvènman grann puisans yo te refize reyaji yon fason vit e apwopriye. (Espwa ke yo pap reponn san dout kontribye nan fè yo refize dekouraje.) Men, dwa entènasyonal moun kapab jwenn kredi avèk kèlkeswa reyakson yo te fè, menm sil pat sifi, menm sil te anreta; epi dwa entènasyonal moun te ankouraje tout fiti efò pwolonje pou abòde vyolasyon terib yo. Grann puisans yo pafwa deklare de seri devye vyolasyon dwa moun nan “menas pou lapè ak sekirite entènasyonal” epi fè yo vin responsablite Konsèy Sekirite Nasyonzini, sa ki lakòz sanksyon entènasyonal (epi menm entèvansyon militè, tankou nan Kosovo an 1999). Tribunal entènasyonal yo deziyen pou mennen mas moun ki vyole lwa yo nan tribunal; yo kreye yon tribunal kriminèl entènasyonal pèmanan pou egzamine [jije] krim jenosid yo, krim lagè, ak krim kont limanite. Divès gouvènman pran pozisyon pou sipòte dwa entènasyonal moun epi yo fè enflyans bilateral ak miltilateral vin yon fòs ki etabli nan relasyon entènasyonal. . . .

Sous: Louis Henkin, “Human Rights: Ideology and Aspiration, Reality and Prospect,” *Realizing Human Rights*, St. Martin’s Press, 2000

- 3 Dapre dokiman sa a, endike **yon** efò ki te fèt pou abòde pwoblèm jenosid la. [1]

---

---

Score

## Dokiman 4

Nan kòmansman venteyinyèm syèk la, sistèm fizik ak byolojik Latè tonbe anba yon presyon li pat janm sibi deja. Popilasyon imen an te rive nan chif 6.3 milya an 2003 epi yo prevwa l ap ogmante pou rive apeprè a 9 milya nan pwochen mwatye syèk la. Nasyonzini estime yon tyè popilasyon mondal la ap viv nan peyi ki genyen yon ti pousantaj dlo dous ak peyi ki preske pa genyen ditou epi pousantaj sa a kapab double an 2025. Polisyon ap toufe anpil nan pi gwo vil monn lan ofi-amezi. Pandan gaz karbonik ak lòt gaz ki lakòz efè tèmik ap akimile nan atmosfè a, mwayèn tanperati sifas Latè rive nan pi gwo nivo ki janm mezire sou baz anyèl. Divèsite byolojik planèt la anba gwo presyon tou. Syantis yo kwè genyen yon disparisyon plant ak bèt yo an mas k ap fèt epi yo prevwa yon ka nan tout espès yo pral disparèt an 2050 kòm yon konsekans rechofman atmosfè a poukонт li. San poze kesyon, enpak imen sou byosfè a ap reprezante youn nan pwoblèm ki pi enpòtan nan syèk sa a . . .

Sous: Norman J. Vig, "Introduction: Governing the International Environment,"  
*The Global Environment: Institutions, Law, and Policy*, CQ Press, 2005 (adapte)

4 Dapre Norman J. Vig, ki **de** (2) pwoblèm anviwònman ki prezante kòm yon menas pou monn lan? [2]

(1) \_\_\_\_\_


Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 5

Debwazman se yon gwo pwoblèm anviwònman. Pwoblèm sa menase prèske yon ka tè ki sou Latè. Lachin se youn nan zòn sa yo.



Sous: Komite Nasyon Lachin pou Egzekisyon Konvansyon Nasyonzini pou Batay kont Debwazman (adapte)

Lè van an pote sab Dezè Sky ale, sab la gaye toupatou nan vilaj sa a [Longbaoshan] mwa pase tankou yon gwo kouch lapli fò, k ap frape kont zepi mayi sèch epi k ap anpile pil sou pil sou kote kay yo.

Longbaoshan, yon kominate agrikòl ki ak yon distans apeprè 40 mil ak nòdwès Beijing, kanpe devan fontyè lagè san viktwa kont dezè kap fin pran peyi Lachin. Akoz bêt manje twòp zèb, popilasyon an twòp, sechrès ak maltretman tè a, lantman vin mennen anpil zòn nan peyi a nan yon katastwòf ekolojik ki menasan.

Chif ofisyèl yo endike yon istwa ki bay laperèz.

Ant 1994 ak 1999, tè ki vin dezè yo te ogmante pou rive a 20,280 mil kare. Dezè kouvri plis pase yon ka nan teritwa Lachin. Sab k ap chanje yo menase bèje ak kiltivatè yo nan yon peyi ki genyen yon senkyèm popilasyon mondyal la ak yon kenyèm tè arab li. Syantis yo avèti katastwòf si gouvènman an pa sispann sab yo.

"Patiraj, tè jaden, chemennfè ak lòt mwayen transpò pral antere anba sab", dапre Dong Guangrong ki se yon manm rechèch nan jeni anviwònman nan Akademi Syans Chinwa. "Moun pral oblige demenaje." . . .

Nan mwa Mas, pi grav tanpèt sab nan yon deseni te frape kapital la, pentire syèl la an jòn epi kouvri gwo kay 40 etaj antan viziblite ap desann a mwens pase yon teren foutbòl ameriken. Abitan Beijing yo te sere dan yo lè tanpèt pa sezon ki rele Dragon Jòn nan inonde vil la avèk 30,000 tòn sab. Moun nan lari yo te kouvri bouch yo avèk mask chirijik oswa yo te kouvri figi yo avèk foulà nan yon efò initil pou fè sab la pa vin sou yo.

. . .

Ofisyèl ki isit la ap eseye fè sab la sispann. Pou fè sa, yo bati pwoteksyon vèt. Yon pwojè ki deziyen pou pwoteje Beijing davans anvan Je Olenpik ete 2008 yo konsènan reklamasyon tè ki tounen dezè yo nan 75 depatman. . . .

Sous: Frank Langfitt, "Desertification," *The Post Standard*, 13 Me 2002 (adapted)

5a Dapre dokiman sa a, endike **yon** pwoblèm debwazman prezante nan peyi Lachin. [1]

Score

b Dapre dokiman sa a, endike **yon** efò ofisyèl Chinwa yo te fè pou abòde pwoblèm debwazman an. [1]

Score

## Dokiman 6

### Gwo Efò ki fèt pou Pwoteje Anviwònman an

1972	Stockholm—Konferans Nasyonzini sou Anviwònman Imen—kòmansman efò entènasyonal ki òganize pou pwoteje anviwònman an
1973	Konvansyon sou Komès Entènasyonal nan Espès ki Menase nan Fòn ak Flò Sovaj (CITES)—mete restriksyon sou komès nan 5,000 espès bét ak nan 25,000 espès plant
1987	Pwotokòl Monreal—akò ki angaje sou pwoteksyon kouch ozòn lan
1992	“Somè Latè” nan Rio de Janeiro—te pwodui trete sou chanjman klima ak sou byodivèsite
1994	Inyon pou Pwoteksyon Monn lan (IUCN)—te pibliye yon Lis Wouj revize sou espès ki an danje ak menase, pou kreye yon règ mondal pou evalye menas nan byodivèsite
1997	Pwotokòl Kyoto—te negosye yon akò sou obligasyon pou diminye gaz ki lakòz efè tèmik nan atmosfè a
2004	Inyon Ewopeyen—te pibliye premye polisyon anrejistre li ki genyen enfòmasyon sou emisyon endistriyèl yo epi ki reprezante yon “evènman desizif” nan miz-a-dispozisyon enfòmasyon sou anviwònman pouiblik la
2006	Asanble Jeneral Nasyonzini—te deklare Ane Entènasyonal Dezè ki te mennen nan Konvansyon Nasyonzini pou Batay kont Debwazman

Sous: “Environmental Milestones,” World Watch Institute (adapte)

- 6 Dapre dokiman sa a, idantife **de** (2) fason kominate entènasyonal la fè efò pou abòde pwoblèm anviwònman an. [2]

(1) \_\_\_\_\_


Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Pwodiksyon Ventyèm Syèk la ki lakòz moun ap mouri

Anjeneral, zam ki kapab touye anpil moun alafwa gen  
pou wè ak zam byolojik, zam chimik ak zam nikleyè



Sous: "Weapons of Mass Destruction," *National Geographic*, Novanm 2002 (adapte)

7a Avèk enfòmasyon ki nan liy kwonolojik sa a, idantife **yon** fason yo te itilize yon zam ki kapab touye anpil moun alafwa. [1]

---



---

Score

b Avèk enfòmasyon ki nan liy kwonolojik sa a, idantife **yon** efò ki te fèt pou abòde yon pwoblèm ki asosye avèk zam ki kapab touye anpil moun alafwa. [1]

---



---

Score

## Dokiman 8



Sous: Jeff Danziger, Tribune Media Services, 4 Janvye 2002 (adapte)

- 8 Dapre desen sa a, endike **yon** rezon ki fè zam nikleyè yo reprezante yon menas pou kominate entènasyonal la. [1]

---

---

---

Score

## Dokiman 9

Yo jwenn iranyòm teren sivil ki pa genyen fòs lame. Yo itilize li pou fè rechèch syantifik ak endistriyèl oswa pou pwodui izotòp radyoaktif pou objektif medikal. Yo kapab itilize iranyòm sa a tou pou fè iranyòm ki trè rich (HEU), ki itilize nan zam nikleyè.

### Rezime/Fason pou jwenn Iranyòm Sivil 235

- Teworis ki te achte mwens pase 100 kilogram iranyòm trè rich (HEU) kapab fè ak eksplode san pwoblèm yon bonm atomik ki elemantè men ki efikas. HEU enteresan tou pou peyi k ap chèche devlope zam nikleyè an sekrè, san yo pa gen pou teste yo.
- Malerezman, yo sere gran kantite HEU nan kay kote y ap fè rechèch toupatou nan monn lan—sitou nan Lawisi, souvan anba sekirite medyòk.
- Etazini ak alye li yo kreye pwogram pou ranfose mezi sekirite, pou konvèti reyaktè nikleyè yo pou itilize iranyòm ki pa twò rich (ki pa itil pou zam) epi pou jwenn HEU nan sant rechèch reyaktè nikleyè toupatou nan monn lan. Men, gen plizyè ènteval danjere ki rete.
- Atansyon gouvènman a wo nivo plis yon envestisman lajan adisyonèl ki piti anpil kapab ale lwen pou rezoud pwoblèm lan pou toutbon.

Sous: Glaser ak von Hippel, "Thwarting Nuclear Terrorism," *Scientific American*, Fevriye 2006

9 Dapre atik sa a Glaser ak von Hippel te ekri, endike yon efò Etazini ak alye li yo fè pou amelyore sekirite iranyòm ki trè rich (HEU). [1]

---

---

Score

## Seksyon B Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti pou *pi piti nan kat* dokiman nan redaksyon w la. Sipòte repons ou ak reyalite, egzant, ak detay. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

### Kontèks Istorik:

**Jenosid, menas pou anviwònman an,** ak **zam ki kapab touye anpil moun alafwa** se pwoblèm monn lan te rankontre. Kominote entènasyonal la ak manm li yo te fè divès tantativ pou abòde pwoblèm sa yo epi pou rezoud yo.

**Sa w gen pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral pou ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de** (2) pwoblèm ki endike nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri pwoblèm lan
- Diskite sou tantativ ki te fèt pou abòde pwoblèm lan **epi/oubyen** pou rezoud li

### Gid:

#### Nan redaksyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan kat* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzant, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

# ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

**Mèkredi, 18 Jen, 2008 — 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman**

## FÈY REPONS

Gason

Sèks:  Fi

Elèv . . . . .	1.....	26 .....
Pwofesè . . . . .	2.....	27 .....
Lekòl . . . . .	3.....	28 .....
	4.....	29 .....
	5.....	30 .....
	6.....	31 .....
	7.....	32 .....
	8.....	33 .....
	9.....	34 .....
	10.....	35 .....
	11.....	36 .....
	12.....	37 .....
	13.....	38 .....
	14.....	39 .....
	15.....	40 .....
	16.....	41 .....
	17.....	42 .....
	18.....	43 .....
	19.....	44 .....
	20.....	45 .....
	21.....	46 .....
	22.....	47 .....
	23.....	48 .....
	24.....	49 .....
	25.....	50 .....

### FOR TEACHER USE ONLY

**Part I Score** \_\_\_\_\_

**Part III A Score** \_\_\_\_\_

**Total Part I and III A Score**

**Part II Essay Score** \_\_\_\_\_

**Part III B Essay Score** \_\_\_\_\_

**Total Essay Score**

**Final Score  
(obtained from conversion chart)**

No.   
Right

**Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.**

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

# REGENTS EXAM IN GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY HAITIAN CREOLE EDITION

Dechire li la a

Dechire li la a